



Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Lwa ki endike Chak Timoun Dwe Gen Siksè (Every Student succeeds Act, ESSA) sou sitwèb:
<http://www.nysesd.gov/essa/information-parents>

Fèy Enfòmasyon sou ESSA

These [Fèy enfòmasyon sa yo pou paran yo](#) rezime epi eksplike plan final ESSA. Fèy enfòmasyon yo disponib nan 15 lang.

Vidéyo ki Bay Anpil Enfòmasyon sou ESSA

Vidéyo kout sa a ki bon pou paran yo [vidéyo sou egzekisyon ESSA](#) gen ladan enfòmasyon sou kondisyon ESSA yo ak kèk chanjman enpòtan.

Plan ESSA Eta New York Apwouve

Gade [Plan ESSA Eta Network](#), ansanm avèk yon rezime plan an.

Si lekol ou oswa distri ou bezwen konsèy pou satisfè kondisyon sa yo ki nan notifikasyon an, oswa si ou gen nempòt kesyon, tanpri kontakte:

Depatman Edikasyon Eta New York
(NYS Education Department)

Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal yo nan nimewo (Office of Bilingual Education and World Languages)

718-722-2445/518-474-8775

Nan telefòn

OBEWL@nysesd.gov

Nan imèl

Oswa ale sou sitwèb OBEWL:

<http://www.nysesd.gov/bilingual-ed>.

Paran yo ka kontakte Liy Dirèk Paran NYSED ELL tou nan nimewo (800) 469-8224 nan telefòn oswa nysparenthotline@nyu.edu nan imèl pou yo depoze yon plent oswa yon demann.



Dwa Paran Reponsab Legal ak Lòt moun k ap pran swen elèv ki pale Anpil Lang/ Elèv k ap Aprann Lang Anglè dapre Lwa ki endike Chak Elèv Dwe Gen Siksè (Every Student Succeeds Act, ESSA)



Lwa Every Student Succeeds Act (ESSA)...

Yo adopte nan ane 2015, se lwa federal prensipal ki detèmine edikasyon elèv ki nan klas matènèl jiska klas 12yèm ane. Pami lòt bagay yo, ESSA egzije distri lekòl yo pou yo toujou bay paron yo ak responsab legal yo enfòmasyon sou dwa yo epi pou yo bay paron ak responsab legal Elèv k ap aprann anpil lang/Elèv k ap aprann Lang Anglè (MLL/ELL) opòtinite pou yo patisipe nan edikasyon pitit yo. Pou fè sa, distri lekòl yo dwe bay paron ak responsab legal MLL/ELL¹ yo enfòmasyon sou fason paron yo ak responsab legal yo kapab vin patisipan aktif nan ede pitit yo avèk sa ki endike anba la yo:

- Fason pou rive nan nivo konpetans nan lang Anglè;
- Fason pou rive nan nivo wo yo nan matyè akademik debaz yo nan yon edikasyon ki byen ekilibre; epi
- Fason pou satisfè nòm matyè akademik leta ak nòm siksè akademik yo egzije tout elèv yo pou yo satisfè.

¹ Tèm federal pou MLL/ELL yo se “English Learner”(elèv k ap aprann lang Anglè (ki abreje souvan kòm EL).

ESSA egzije distri lekòl yo tou pou . . .

yo chèche jwenn remak ak kòmantè paran ak responsab legal nan devlopman ak evalyasyon pwogram edikasyonèl MLL/ELL li yo, tankou pou fè paron yo ak responsab legal yo konnen dwa yo pou gen reyinyon regilye pou objektif sa a. Epitou, règleman Manm Komisyón an egzije distri yo pou yo rankontre avèk paron MLL/ELL yo ak responsab legal yo omwen yon fwa chak ane pou diskite sou matyè akademik pitit yo ak sou pwogrè elèv yo fè nan lang ak sou bezwen yo. Sa a se yon diplis sou lòt reyinyon ki obligatwa yo anjeneral, tankou konferans pwofesè-paran yo ki pwograme regilyèman.

Answit . . .

Nan Eta New York nan apre premye idantifikasiyon pitit ou kòm yon MLL/ELL, distri a dwe bay enfòmasyon tou sou sa ki endike anba la a pa pita pase dis jou apre enskripsyon an:

- Fason yo te detèmine pitit ou kòm yon NLL/ELL, nivo konpetans pitit ou nan lang Anglè, fason yo te evalye li, ak sitiayson/pwogrè siksè akademik li.
- Metòd enstwiksyon yo itilize nan pwogram edikasyon pitit ou ak nan lòt kalite pwogram ki disponib yo, tankou fason pwogram sa yo diferan nan kontni yo, objektif enstwiksyon yo, ak itilizasyon Anglè ak enstwiksyon nan lang pitit ou pale lakay li. Paran yo dwe resewva konsèy alekri sou fason pou yo chwazi yon pwogram oswa metòd enstwiksyon, si yo ofri plis pase youn.

Nan Eta New York, yo ka bay enfòmasyon sa yo nan yon sesyon oryantasyon kalite siperyè ak obligatwa pou paron yo ki fèt apre yo idantifye pitit ou kòm MLL/ELL²

Distri lekòl la dwe bay enfòmasyon sou:

- Fason pwogram edikasyon pitit ou pral satisfè pwen fò ak bezwen edikasyonèl li yo;
- Fason pwogram edikasyon an pral sitou ede pitit ou aprann Anglè epi satisfè nòm siksè akademik ki apwopriye pou laj li pou li kapab janbe nan klas siperyè epi pou li kapab diplome;
- Sèten kondisyon pou soti pou pwogram edikasyonèl, tankou pousantaj elèv yo egzije nan tranzisyon nan pwogram sa yo nan salklas yo deziyen pou MLL/ELL yo.
- Pousantaj elèv ki diplome nan lekòl segondè, si lekòl segondè a resewva lajan Tit III, epi nan ka yon timoun ki gen yon Pwogram Edikasyon Endividiyèl (IEP), fason yon pwogram konsa ap satisfè objektif IEP timoun nan.



² Pati 154 -2.3 (f)Règleman Manm Komisyón an egzije distri yo pou yo bay yon sesyon oryantasyon kalite siperyè pou paron ak responsab legal elèv yo idantifye kòm ELL/MLL.